

## Onore PRIM POU CHANJMAN / CITE SOLEIL PEACE PRIZE 2020

Stéphanie ZEMA, fèt 6 oktòb 1992 nan komin Dèlma, fanmi li vini rete ak li nan Site Solèy depi li te tou piti. Stephanie fè etid primè li ak segondè li nan lekòl Becky Dewine (Hands Together). Malgre tout difikilite ekonomik li tap konfwonte, Stephanie pat vle kanpe sou etid li apre segondè li, li te pwofite de chak ti opòtinite kite prezante devan li, paske rev li sete jwenn ase konesans pou li pataje ak lòt jèn fanm vilnirab nan kominote li. Li aprann koup kouti, famakoloji, li pran fòmasyon pou sekouris, li aprann kizin ak patisri tout sa se pou li sèvi yon modèl pou jèn fanm nan katye li nan bwa 9 Site Solèy.

Nan ane 2012 Stéphanie rejwenn asosiyasyon nan zòn li Bwa 9 ki rele RAVAGEP poul te kapab gen yon pi laj espas poul sèvi kominotel. Nan lide pou ede jèn yo batay kont gwosès prekòs ak delekans jivnil, an 2014 li te deside mete kanpe yon Atelye sou kouti pou li pataje konpetans ak konesans li genyen nan kouti pou ede timoun ak lòt jèn fanm parèy li ki nan difikilite ekonomik ki paka kontinye lekòl jwenn yon metye pou bouske lavi yo, e Stephanie pwotife de atelye kouti a pou fè edikasyon sivik yo sou kòman pou yo vin bon sitwayen pou kominote yo ak peyi yo, koman pou yo pa lage kò yo nan fe pitit twò bonè. Soti 2014 pou rive 2020 plizyè gwoup jèn deja konn koud e plizyè kòmanse ap degaje yo. Pou kounye a depi rive pandemi Kowonaviris la (COVID-19) nan Mas 2020 an Ayiti, Gras ak Metye ke medam yo te aprann yo ap patispe nan pwodiksyon Mask pou ede kominote yo ak lòt kominote fè fas ak COVID-19 la, an menm tan fe ti lajan pou reponn ak bezwen yo.

Anpil moun kwè ke Stephanie timid paske li pa renmen pale, li pa genyen yon gwo prezans sou medya sosyal yo men, Stephanie pwouve ke travay nan poze bon jan aksyon plis enpòtan ke fè wè, plis enpòtan ke pale met la, li montre ke chanjman pa bezwen fè anpil bri pou li efektif ak li montre ke chanjman posib tout kote.

Pou tout rezon sa yo Komite PRIM POU CHANJMAN / Cite Soleil Peace Prize chwazi onore Stephanie ZEMA pou ane 2020 an pou travay li, se moun tankou li ki fè nou konitnye kwè ke yon lòt Site Soley posib.



## Onore PRIM POU CHANJMAN / CITE SOLEIL PEACE PRIZE 2020



Luckson JEAN, Fèt 27 Novanm 1986 nan Site Solèy katye Boston, Li se dènye Pitit nan yon fanmi ki gen 8 pitit, Li fè Etid primè nan Collège Mixte du Bon Berger ak Etid Segondè nan Salésiens Don Bosco. Nan lane 2002, Vyolans nan Site Solèy ant zòn ak zòn nan te preske fè li kanpe lekòl, paske paran li pat vle li abandone etid li, ku te kit Site Solèy pou li te ka kontinye lekòl li. Nan ane 2006 sou enfluyans fanmi li, li konvèti epi tout moun vin rele li frè epi nan ane 2012 li desite marye fòme yon fanmi.

Frè Luckson, devlope anpil tanlan atistik, teks li yo toujou kenbe atansyon moun.

Frè Luckson deside sèvi ak « Slam » ke tout moun konnen kom oyn fòm de pwezi pou li antre nan kè moun pou li preche lanmou ak lapè. Frè Luckson kwè ke Legliz pa ta dwe retire moun nan mond lan, men li ta dwe fè moun antre pi fon nan mond lan pou ede chanje lavi moun ki plis vilnerab yo.

Frè Luckson soti plizyè mizik ak videyo sosyo- evanjelik, paske li konnen mizik se yon zouti ke moun ka itilize pou touche konsyans moun e pou chanje sa ki merite chanje. Youn nan mizik ke Frè Luckson te soti se ZÒN PA FÈ MOUN, li te soti mizik sa nan yon kolabo ak Frè Sévère, kise yon gwo atis Ayisyen tou ke tout moun konnen sou non Okijems. Mizik sa se yon mizik ke frè Luckson ekri pou li fè jèn ak timoun ki nan katye defavorize ke yo pa kondade ak zòn kote yo ye, yo pa dwe kite zòn yo defini kisa yo vle ye nan lavi a, yon pati nan liks mizik la di : « *Zòn paf è moun se Bondy eki fè moun, Kris ka fè w tounen sa ou pat espere* » Mizik sa telman vin popilè li fè anpil zye vin brake sou frè Luckson e fè li panse sou responsabilite li genyen kòm lidè sosyal nan kominote li Site Solè yak ak tout lòt kote ki vilnerab nan peyi a.

Nan lane 2018, Frè Luckson deside pran baton pelerinaj li, pou li mache toupatou nan Site Soley, ak nan Potoprens pou li konpran pi byen kondisyon lavi yo. Li rankontre anpil jèn gason, ke moun yo rele *Neg Lari* yo, anpil jèn fanm ki lage nan delekans jevenil, anpil granmoun kip a genyen kay pou dòmi, Luckson sèvi ak ti resous li, bay anpil nan yo manje , li ede kouvri kay pou granmoun,, li pale ak jèn gason yo, e nan eksplike yo lavi li , genyen anpil ki mande li Labib, li fe disribisyon labib pou yo, e genyen anpil nan yo ki pran chimen legliz.

## Onore PRIM POU CHANJMAN / CITE SOLEIL PEACE PRIZE 2020

Teman frè Luckson vin genyen grnamoun kou timoun ki nan sityasyon difisil ki ap kontakte li, e li ap rankontre chak jou, frè Luckson pran responsalite sa kom yon misyon Bondye pa li, pou li ka ede chanje lavi sa ki plis vilnerab yo.

Nan lane 2019, sou demand anpil zanmi ki renmen travay Frè Luckson ak yo fè, li lanse yon fondasyon ki ka pèmèt plis moun ede li fè travay yo plis fòmèl.

Li tou rele fondasyon an **FONDASYON ZÒN PA FÈ MOUN**, e pou konnye a ki nan presis legalizasyon.

Ane 2020 an, komanse ak anpil pwoblèm pou Site Solèy, yon kominote ke frè Luckson pote sou kè li, konfli ant zòn ak zòn ak pèmèt anpil moun pèdi lavi yo, gen anpil moun ki kitè lakay yo. Lapolis, Lajis rete san fè anyan, pou yon lòt fwa ankò frè Luckson pran Plim li, ak kaye li, li deside ekri yon lèt an stil Slam, mizik pou li kominike ak aktè yo. Pandan pèsion moun paka monte e desann nan site solèy, frè Luckson deside di ke li ap fè videyo mizik sa nan Site solèy, e sitou ka katye ki genyen konflyi yo, men tout sa se nan lide pou wè koman lapè ka tou tounen nan komin la, tout zòn akseptè e li ale shoote videyo a nan tout zòn, lapè tounen pou yon ti tan, men apren malerèman lagè a tounen ankò. men, frè Luckson pa dekouraje e toujou kwè e li kontinye preche lapè ant zòn yo.

Pou konnye a frè Luckson lage ko w li atravè ‘ « FONDASYON ZÒN PA FÈ MOUN » nan tout yon kapay pou ede pwopagasyon viris la nan mitan sila yo li plis vilnerab yo, e ki paka menm siwvi konsiy Otorite Sanitè yo tabli.

FZPFM deja distribye plizye santè mask, e enstale plizye estasyonlavaj men sitou nan perimèt kote ki genyen timou lari yo. Luckson atrevè fondasyon an déjà ankadre, (rite) plizye timoun nan lari, Fondasyon pran inisyativ pou la fè distribisyon kit ijèn nan lapital ak nan oflina preske chak dimanch. Frè Luckson kwè se si selman ke chamoun fè ti sa yo kapab nan domèn diferan ke ke peyi a ka soti nan enpas sa.

Frè Luckson se modèl tip sitwayen ke sosye a bezwen, moun ki ap travay ak nanm yo, moun ki prè moun kite zòn konfò yo pou yo al ede lòt ki nan bezwen. Pou tout rezon sa yo **Komite Cite Soleil Peace Prize / PRIM POU CHANJMAN** deside onore Frè Luckson pou travay e envite plis moun konnen travay moun tankou frè Luckson ki ap travay pou fè Solèy la leve.

## Onore PRIM POU CHANJMAN / CITE SOLEIL PEACE PRIZE 2020



Gladimy Jean fèt nan Corail, 13 out 1994. Yon ane apre nesans li, paran li antre ak li Site Solèy. Gladimy se yon jèn k ap evolye nan sosyete ayisyen an, ki anime pa yon lespri dinamik, fò, plen ak inisyativ ak anbisyon. Etandone ke li gen lidèchip nan san li, li angaje nan bati richès kominal. Se konsa, li rive sedui tout yon jenerasyon.

Li fè syans primè ak segondè li yo, nan menm vil ki te wè l 'grandi a, nan Hands Together(Becky Dewine), yon lekòl Katolik. Chemen an pa te toujou fasil men li jere yo e fini lekòl klasik li ak anpil merit.

kounye a li ap etidye Ekonomi ek Planifikasyon nan CTPEA e li nan Syans Ekonomik nan FDSE. Gladimy enterese anpil nan aktivite sosyal e dedye yon bon pati nan tan li nan aktivite volontè e sa konfime atravè patisipasyon li nan divès kalite aktivite sosyal ak kiltirèl. Li se ko-fondatè ak kowòdonatè Le Paradis Haïtien, yon ajans touristik ki ankouraje e fè Pwomosyon pou sektè touristik la an Ayiti, li se Kowòdonatè Adjwen nan Leaders de Demain ki se yon òganizasyon ki ap travay nan domèn lidèchip, antreprenarya ak devlopman pèsònèl ak kolektif. Avèk òganizasyon sa a, li fè yon travay ekstraòdinè ak jèn Ayiti.

li se yon pwomotè dirèk nan Konbit Bibliyotèk Site Solèy, yon pwojè enpòtan nan Site Soley ki devlope yon fòm motivasyon ak enfliyans pou jèn ki vle grandi nan objektif sa ki baze souyon filozofi konbit. Gladimy jwenn plezi nan pratike nan antreprenarya sosyal, lidèchip, aktivite touristik.

Li ap pwone filozofi "Konbit" ke li ap grandi chak jou paske, dapre jèn pwogresis sa, soti nan yon etap a yon lòt mande pou gen solidarite ak bonjan tèt ansanm e se sa ki vrè fòs moun.

Gladimy ap nourri rèv pou li vin yon antreprenè ki ap pot chanjman, pou li pakouri mond lan pou dekouvri ak aprann nouvo bagay ak ede lòt jèn patisipe nan evolasyon ekosistèm Antreprenerya ayisyen an.

Etandone angajman li, devouman li nan pote kòz kominote a sou dol, Gladimy Jean se yon gwo valè nan zye jenès ayisyen an. Gras ak angajman konsiderab li nan Site Solèy ak lòt kote, li komite Cité soley peace prize / Prim pou Chanjman deside onore li.